



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 5/4/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REFÒM LEJISLATIV POU AMELYORE SEKIRITE  
PWOGRAM GADRI TIMOUN**

***Pwojè lwa ap ogmante penalite pou vyolasyon epi amelyore aksè paran pou  
konfòmite ak istwa enfraksyon***

***Klike [la](#) pou gade lejislasyon an ak [la](#) pou wè memorandòm pwojè lwa a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke lap avanse lwa pou pote plis zouti ranfòsman agresif, penalite ki pi sevè ak pi gwo transparans nan kontwòl pwogram swen timoun toupatou nan eta. Pwojè lwa ap kreye tou ranfòsman legal ki pi konsistans pou eta - ak pwogram ke Vil New York te règleman ak amelyore aksè paran pou konfòmite nan sant gadri yo ak istwa vyolasyon.

“Paran yo merite konnen odela nenpòt dout ke founisè swen pitit yo e ke pitit yo nan bon swen,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Refòm sa yo ap ede asire ke chak pwogram gadri timoun nan eta sa responsab nan pi wo standa sekirite, lwa ki pi sevè ke nou pral anmezi pou diminye sou move aktè yo. Sa yo se mezi bon sans ki pral fè yon diferans nan eta, e mwen ankouraje lejislati a pou pase yo nan sesyon sa.”

Daprè lejislasyon Gouvènè a te pwopoze a, penalite pou founisè swen ki règleman nan eta pou vyolasyon grav ak pou founisè yo fonksyone ilegalman ta ogmante. Penalite maksimòm pou vyolasyon grav yo ta ogmante apati \$500 pou rive a \$5,000 pa jou. Standa ranfòsman pou pwogram swen gadri timoun ki règleman pa vil ak Eta New York ap pi byen aliye tou, pèmèt eta pran plis aksyon ranfòmans imedyatman. Pwogram swen timoun ki règleman nan Vil New York ap gen obligasyon pou afiche rapò apre-enspeksyon ak istwa vyolasyon, kòm pwogram lan ki règleman pa eta te deja fè sa.

Anplis, eta ta anmezi pou sispann oswa revoke lisans yon sant pou yon anpil vyolasyon, enkli sipèvizyon inadekwat, neglijan pou kenbe pousantaj apwopriye anplwaye pa rapò a timoun ak neglijan pou kolabore avèk yon enspeksyon, ansanm avèk chòk oswa lanmò yon timoun, oswa itilizasyon pinisyon kòporèl kont yon timoun. Sispannyon oswa revokasyon lisans yon operatè nan yon lokasyon pral deklanche yon egzaminasyon imedyat nan tout lòt pwogram operatè a ke eta règleman ak yon evalyasyon sou posib aksyon ranfòsman kont yo. Moratwa sou founisè swen timoun pou yon nouvo lisans apre revokasyon ap elaji apati dezan pou rive a senkan.

Lwa ap bay paran yo tou done ke yo bezwen pou fè chwa enfòmè sou swen timoun yo nan amelyore aksè a konfòmite ak istwa vyolasyon grasa lansaman yon rejis nan tout eta. Aksè a enfòmasyon se yon eleman enpòtan nan transfòmè sistèm swen timoun ak voye yon avètisman sevè pou founisè yo ki ta mete andanje sekirite timoun New York yo.

**Komisyone pa Entèrim Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York Sheila J. Poole te deklare,** “Pasaj lwa sa ap sèvi pou ranfòse pozisyon NYS kòm eta ki genyen youn nan sistèm kontwòl enspeksyon ki pi strik ak konpreyansif ak enspeksyon nan peyi a.”

Gen 11,000 pwogram gadri timoun nan Vil New York, enkli apeprè 9,000 Gadri Familyal, Gadri Gwoup ak Pwogram Swen pou timoun ki gen laj lekòl ke Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi sipèvize, ak kèk 2,000 sant swen timoun ke Depatman Sante mantal ak llyèn Vil New York règlemannte.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418